

## DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN

# Vaksen DTaP (Difteri, Tetanòs, Koklich): Sa ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

## 1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen DTaP kapab anpeche w pran difteri, tetanòs, ak koklich.

Difteri ak koklich kapab transmèt ant moun ak moun. Tetanòs rantre nan kö a lè w blese oswa nan plè.

- **DIFTERI (D)** kapab bay difikilte pou respire, ensifzans kadyak, pèt konsyans (paralizi), oswa lanmò.
- **TETANÒS (T)** lakòz misk yo rèd ak doule. Tetanòs kapab bay gwo pwoblèm sante, tankou pa kapab louvri bouch, genyen pwoblèm pou vale ak respire, oswa mouri.
- **PERINEMONI (aP)**, yo konnen tou sou non “kolich,” kapab lakòz gwo tous vyolan epi ki pa kapab kontwòle ki rann li difisil pou respire, manje, oswa bwè. Koklich lan kapab grav anpil sitou sitou lakay tibebe ak jèn timoun yo, ki lakòz nemoni, kriz epileptik, domaj serebral, oswa lanmò. Lakay adolesan ak granmoun yo, li kapab lakòz yo pèdi pwa (megri), pèdi kontwòl pipi yo (pipi dri), endispoze, epi gen zo kòt ki fratire lakòz touse twòp.

## 2. Vaksen DTaP

DTaP se sèlman pou timoun ki gen sèt (7) lane ak plis. Plizyè vaksen kont tetanòs, difteri, ak koklich (Tdap ak Td) disponib pou timoun ki plis gran yo, adolesan yo, ak granmoun yo.

Yo rekòmande pou timoun yo resevwa senk (5) dòz DTaP, jeneralman nan laj sa yo:

- 2 mwa
- 4 mwa
- 6 mwa
- 15-18 mwa
- 4 jiska 6 lane

Yo kapab bay DTaP antanke vaksen endepandan, oswa nan kad yon kobinezon vaksen (yon kategori vaksen ki konbine plizyè vaksen nan yon sèl piki).

Yo kapab bay DTaP a an menm ak lòt vaksen.

## 3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

Di founisè vaksinasyon u ansi moun lan ap pran vaksen an:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz tout vaksen ki pwoteje kont tetanòs, difteri, oswa koklich**, oswa genyen nenpòt **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**
- Li te tonbe **nan yon koma, nivo pèt konesans ogmante, oswa kriz pwolonje nan espas sèt (7) days aprè yon ansyen dòz tout vaksen koklich (DTP oswa DTaP)**
- Pran **kriz oswa genyen lòt pwoblèm nan sistèm nève**
- Li te deja genyen **Sendwòm Guillain-Barré** (yo rele li GBS tou “GBS”)
- Li te genyen **gwo doule oswa ap anfle aprè yon ansyen dòz tout vaksen k ap pwoteje kont tetanòs oswa difteri**

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab deside pou voye vaksinasyon DTaP pou yon lòt vizit.

Timoun ki genyen maladi leè yo, tankou yon rim, kapab pran vaksen. Timoun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen DTaP.

Pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.



**U.S. Department of Health and Human Services**  
Centers for Disease Control and Prevention

---

#### 4. Risk reyaksyon ak yon vaksen

---

- Doulè oswa anflamasyon kote w te pran piki a, gen lafyèv, enève, santi fatig, pèdi apeti, epi ap vomi pafwa sa rive aprè vaksen DTaP.
- Genyen reyaksyon ki plis grav, tankou kriz, kriye san rete pandan twazèdtan (3) oswa plis, oswa genyen gwo fyèv (plis pase 105°F) sa pa rive souvan aprè yon vaksinasyon DTaP. Raman, aprè vaksinasyon an tout bra oswa anm lan anfle, sitou lakay timoun ki pi gran yo nan moman y ap resevwa katriyèm oswa senkyèm dòz yo an.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyaksyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

---

#### 5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?

---

Yon reyaksyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyaksyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele **9-1-1** epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyaksyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS sèlman la pou rapòte reyaksyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

---

#### 6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon Viktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)

---

Pwogram Nasyonal Konpansasyon viktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm rekonpans. Reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz genyen yon kantite tan pou fè depo a, ki kapab soumèt nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation) oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

---

#### 7. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?

---

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines](http://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines).
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
  - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Vizite sitwèb CDC sou [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines).

